ФЕЙСАЛ ФАРИДАН Жанара (Иордани)

Дог, чоь, хIара берриге а нехан мохк а гатло, жайнан тIаьххьара агIо ахь дIахаьрцича...

Хьан кийрара орцанна гIаьттина йилбазмох арахь Къилбаседанехьа хьоькху, хIара мохк, такхийна, Кавказана гергабига санна...

ГIеххьачул ницкъ хуьлий, стигала Iанаоьху хьан комаьрша бIаьрхишца...

Ткъе итт шара чохь Iамийнарш кIезга дешнаш хилла-кх, цкъа гатделла дог даста йоьлча...

Амма и туьйра, аьлча а – и Хилларг дIадерзаза ду-кх! Маьхьшаран майданахь хиллачух, дегнаш Iаббалц, вайн бекхам эццалц!

«Сино Дайн орамашка бо хьогаме некъ», – юха а юьхьарлоцу ахь. Эзарнаш шераш хьалха Кавказан лаьмнийн тептаран Тарханийн агIонаш тIехь турпалхойн цIийца яздина бакъ хилларш шена чохь кхобу жайна дешна яьлча, хIоразза а, карлабаккха безаш хуьлу и некъ... Оцу некъах тилаяла ца лаахь кест-кеста мийла деза и тайпа хьоста, ломара сирла хиш а санна цIандайта хьан са а, цуьнца хьайн некъ а...

Некъан накъост хьан тешаме доттагI хир ю, шен ненан-ненан-ненан... Ненана, Маьлха-Аьзнин, хьакъйолу йоI, турпала Нахчон хьанала тIаьхьенах кхиъначу кIентан Абузаран Машар! Хьо цуьнан лорах дIагIахь, Машаран новкъахь хьо лаьттан кийра йирзича, ламанаш, стигланаш делхош хьайна тIаьххье, оьзда чаккхъер ю хьо, сан жима йоI!

Шен сил дукхадеза Латта лардан болчу лаамо кхиболу массо а лаам эшабо. Хьан дахаран еккъа цхьа Iалашо къега бIаьрахьалха, жимма а са сема хилахь ирсан ирс хуьлий, шена тIейоьху цо хьо – Даймахке болчу безамна хьанал хиларе.

Оццул дезачу мехкан къайленан хазнех уггаре а деза-сийлахь Адам хилла-кх – хьанала Адам. Вайн турпала лаьмнаш а шех кхийрина Ислам динан деза аманат дIакхехьар шена тIелаьцна долу Адам. Iесачух, ямартчух мохк-халкъ лардеш, буйнахь, алу санна къовлуш, эхарте дIакхехьа АллахIа шена тIедилларна и, Далла хастам беш. Ийманехь шаьш санна долчу адамашца барт-марзо эца кхиъна долу Адам!

«Нашха – нахийн дуьненан дог» хилар санна бакъ а долуш, хьо, сан йоI – Лаьмнийн хIайкал хилар бакъ ду-кх!

АллахIах хьо кхийринчул тIаьхьа, хьайн деган орам хадарна хьо цкъа а кхоьрур яц хьуна!

Дуьне доьхчий а, хьо ма йохалахь!

Ийманан таж бен, хьан сий айба, дуьненахь хIумма а доций хаалахь!